

**ISWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI****Mèkredi** 13 jen 2018 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonce pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

- 1 Kisa ki te yon rezon prensipal ki fè gwo plantasyon te devlope nan Sid la pandan peryòd kolonyal la?
 - (1) Lwa britanik yo te ankouraje devlopman esklavaj nan Sid la.
 - (2) Yo te kapab kiltive koton nan zòn imid yo sèlman.
 - (3) Mòn nan Sid yo mennen nan devlopman fèm izole, endepandan.
 - (4) Klima nan Sid la te bay sezon kwasans ki pi long.
- 2 Nan ane 1780 yo, pou tabli otorite li dapre Atik Konfederasyon yo nan Teritwa Nòdwès la gouvènman nasyonal la te
 - (1) bay yon sistèm pou fòmasyon nouvo eta yo
 - (2) rezoud diskisyon sou fwontyè avèk Meksik
 - (3) pwolonje fwontyè peyi a nan Montay Rocky yo
 - (4) rejte revandikasyon souverènnte Endyen Natifnatal Ameriken yo
- 3 Yon prensip fondamantal nan yon fòm gouvènman repibliken sèke
 - (1) dirijan ereditè yo se pwopriyete lejitim pouvwa politik
 - (2) reprezantan pèp la eli dwe adopte lejislasyon
 - (3) sitwayen yo dwe kreye lwa yo dirèkteman
 - (4) gouvènman yo pa responsab pwoteje dwa moun yo
- 4 Kisa ki te yon rezon majè Antifederalis yo te itilize pou mete opozisyon pou ratifikasyon Konstitisyon an?
 - (1) Kongrè a te resevwa pouvwa pou takse ekspòtasyon yo.
 - (2) Branch ekzekitif la te manke pouvwa pou kenbe lòd.
 - (3) Konstitisyon yo pwopoze a pa te gen deklarasyon dwa moun ladan.
 - (4) Se gouvènman nasyonal la sèlman ki te kapab fabrike lajan.

- 5 Pou verifye branch lejislatif gouvènman an, branch jidisyè gouvènman an kapab
 - (1) mete veto sou pwojè-lwa Kongrè a adopte
 - (2) deklare lwa yo pa konstitisyonèl
 - (3) konvoke sesyon espesyal nan Kongrè a
 - (4) redui bidjè kongrè a
- 6 “. . . Paske finalman, ‘dwa egalego chak sitwayen pou pratike relijyon li lib e libè selon sa konsyans kòmande’ gen menm manda ak tout lòt dwa nou yo. Si nou tounen nan [ale nan] orijin li, li se kado lanati tou; . . .”

— James Madison

Yo te vin fè kwayans ki eksprime nan deklarasyon sa a tounen lwa avèk


- (1) siyati Akò Meflawè-Mayflower Compact
 - (2) kreyasyon Atik Konfederasyon yo
 - (3) etablisman yon sistèm gouvènman federal
 - (4) ajoute premye amannman an nan Konstitisyon Etazini
- 7 “. . . Pou fè tout lwa ki va nesesè ak apwopriye pou mete ann Ekzekisyon Pouvwa ki mansyone pi wo yo, ak tout lòt Pouvwa Konstitisyon sa a bay Gouvènman Etazini, oswa nenpòt Depatman oswa Fonksyonè Gouvènman an.”

— Article I, Section 8, United States Constitution

Sekretè Trezò Alexander Hamilton te itilize kloz sa a pou jistifye

- (1) etablisman Bank Etazini
- (2) kreyasyon yon sistèm lapòs federal
- (3) voye twoup pou kwape Rebelyon Wiski a
- (4) enpoze yon anbago sou komès ak Grann Bretay

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 ak 9.



8 Ki de (2) nan zòn kat jeyografik la ki te konstitye Etazini an 1803 akòz Acha Louisiana?

- (1) *A ak B* (3) *B ak D*
 (2) *A ak D* (4) *E ak G*

9 Ki zòn yo te ki te vin genyen akòz Lagè Meksiken-Ameriken an?

- (1) *A* (3) *F*
 (2) *B* (4) *G*

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 10.

“ . . . Antanke lyen ant Atlantik ak eta lwès yo, li ka anpeche demanbreman anpi Ameriken an. Antanke ògàn kominikasyon ant Hudson, Mississippi, St. Lawrence, gwo lak yo nan nò ak nan lwès, ak rivyè ki tonbe nan yo, li pral kreye pi gwo komès entèn ki te janm egziste. . . .”

— New York Governor DeWitt Clinton, April 26, 1824

10 Ki devlopman nan transpò Gouvènè Clinton ap dekri?

- (1) Wout Nasyonal (3) bato-a-vapè
 (2) Kanal Erie (4) chemennfè

11 Yon egzanp itilizasyon konstitisyon ki pa ekri se

- (1) kabinè prezidan an
 (2) pwosesis amannman
 (3) lejislati ki gen de (2) chanm
 (4) kolèj elektoral

Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 12.

Resous nan Nò ak Sid, 1861

Resous	Nò		Sid	
	Kantite (apeprè)	Pousantaj nan Total Nasyonal	Kantite (apeprè)	Pousantaj nan Total Nasyonal
Tè jaden	105,817,694 kawo	65%	56,832,154 kawo	35%
Chemennfè	21,847 mil	71%	8,947 mil	29%
Valè Machandiz Manifaktire	\$1,794,417,000	92%	\$155,531,281	8%
Faktori	119,500	85%	20,631	15%
Travayè nan Endistri	1,198,000	92%	110,721	8%
Popilasyon	22,340,000 (gen ladan 432,720 moun esklav)	63%	9,103,332 (gen ladan 3,521,043 moun esklav)	37%

Sous: James West Davidson et al., *The American Nation*, Prentice Hall, 2000; 1860 Census, U.S. Census Bureau (adapte)

12 Ki jeneralizasyon enfòmasyon ki nan tablo a kore?

- (1) Sid la te ekspòte plis machandiz manifaktire pase Nò a.
- (2) Nò a ta gen plis difikilte pou founi yon lame pase Sid la.
- (3) Nò a te gen pi gwo fòs ekonomik pase Sid la.
- (4) Sid la ta pi kapab transpòte yon lame pase Nò a.

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

POU GASON KOULÈ YO!

LIBÈTE,
Pwoteksyon, Salè, ak yon Apèl pou Devwa Militè!

Sous: National Archives

13 Ki aksyon gouvènman an ki pouse piblikasyon afich sa a pi dirèkteman?

- (1) piblikasyon Pwoklamasyon Emansipasyon
- (2) adopsyon Lwa Kansas-Nebraska a
- (3) rejè Wilmot Proviso a
- (4) adopsyon Konpwomi Missouri a

14 Nan kòmansman Gè Sivil la, Prezidan Abraham Lincoln te deklare pi gwo rezon pou fè lagè a se te pou

- (1) kraze lyen ekonomik Sid la ak Grann Bretay
- (2) prezève Inyon an pou respekte Konstitisyon an
- (3) aplike kondisyon ki nan Konpwomi 1850 lan
- (4) pini eta Konfederasyon yo poutèt yo kite Inyon an

15 Adopsyon Lwa Homestead la an 1862 te ankouraje kolonizasyon Gran Plèn yo nan

- (1) bay kiltivatè yo tè gratis
- (2) retire baryè pou imigrasyon Azyatik
- (3) founi tè pou bati chemennfè transkontinantal yo
- (4) mete Endyen Natifnatal Ameriken yo nan rezèvasyon

16 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. _____

- A. Freedmen's Bureau
- B. Adopsyon 14yèm amannman an
- C. Okipasyon militè nan Sid la

- (1) Devlopman nan Dwa Eta yo
- (2) Rezilta Destine Manifès
- (3) Eleman Rekonstriksyon yo
- (4) Limit sou Dwa Sivil

17 Ant 1865 ak 1900, kijan kwasans endistri a te afekte sosyete Ameriken an?

- (1) Komès ak lòt nasyon yo te diminye.
- (2) Chèf antrepriz yo te mande tarif ki pi ba.
- (3) Popilasyon nan vil yo te ogmante.
- (4) Sosyete yo te soutni kwasans sendika travayè yo.

18 Pou reyaji kont desizyon Lakou Siprèm lan nan *Wabash, St. Louis ak Pacific Railway Co.* kont *Illinois* (1886) Gouvènman federal la te

- (1) adopte Lwa Komès Entè-eta a
- (2) febli enfluyans bank yo sou gwo biznis yo
- (3) abandone tantativ gouvènman an pou kraze monopòl yo
- (4) ankouraje anplwaye chemennfè yo fòme sendika

19 Nan fen ane 1800 yo, sosyete a te vin yon fòm òganizasyon biznis ki enpòtan paske sitou li

- (1) te gen lyen ki pi pre ak anplwaye li yo
- (2) te kapab kolekte gwo kantite kapital investisman
- (3) te fè pi bon kalite pwodui
- (4) te mande pou fè konsèvasyon resous natirèl yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20.

. . . Objektif amannman an san dout se te pou ranfòse egalite absolè de ras yo devan lalwa, men, fòseman, pa te gen kesyon aboli distenksyon ki baze sou koulè, ni pou enpoze egalite sosyal, olye politik, oubyen yon melanj de ras yo sou kondisyon ki pa akseptab pou ni yonn ni lòt. Lwa ki pèmèt, e menm ki egzije, separasyon yo nan kote yo gen risk pou yo vin an kontak pa nesèsman vle di enferyorite toude ras parapò lòt la, epi yo te jeneralman, si se pa inivèsèlman, rekonèt antan konpetans lejislati eta yo nan egzèsis pouvwa lapolis yo. Egzanp ki pi kouran pou sa konekte ak etablisman lekòl separe pou timoun blan ak timoun koulè [Afriken-Ameriken], ke menm tribinal Eta yo te konsidere kòm yon egzèsis valab pouvwa lejislatif la kote yo te aplike dwa politik ras moun koulè yo pi lontan ak nan fason ki pi serye. . . .

— United States Supreme Court, 1896

20 Nan desizyon 1896 sa a, Lakou Siprèm te konfime konstitisyonnalite

- (1) konpwomi Twa-senkyèm lan
 - (2) Lwa Jim Crow yo
 - (3) pwogram aksyon afimatif yo
 - (4) entegrasyon rasyal
-

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21.

Nouvèl yo rive nan Bogota




Sous: W. A. Rogers, *New York Herald*, December 1903

- 21 Etazini te itilize politik etranje yo montre nan desen sa a pou
- (1) pini Meksik poutèt li te pran pou Almay nan Premye Gè Mondyal la
 - (2) aplike Doktrin Monroe a kont Grann Bretay
 - (3) jwenn kontwòl tè pou Zòn Kanal Panama a
 - (4) anonse politik Pòt Louvri a
-

Sèvi ak afich ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.

CLEVELAND

ANPIL MOUN, YON SÈL LANG



Vini nan Lekòl Piblik yo
Aprann Lang Amerik la.
Prepare pou Sitwayènte Ameriken.
Klas Gratis pou Gason tankou Fanm.
Klas nan Aprèmidi ak Aswè.
Aplike nan Lekòl Piblik oswa Bibliyotèk
ki pi pre a pou jwenn plis enfòmasyon.

KONSÈY EDIKASYON

EAST SIXTH AK ROCKWELL
NAN KOLABORASYON AK
KOMITE AMERIKANIZASYON CLEVELAND.
(Komite Konsiltatif Majistra a sou Lagè)

Sous: J. H. Donahey, Smithsonian National Museum of American History, 1917 (adapte)

22 Afich 1917 la endike ke yon objektif enpòtan nan edikasyon pou nouvo imigran yo pandan peryòd sa a se te

- (1) anseye yo li ak ekri nan lang natifnatal yo
- (2) ankouraje tolerans relijye
- (3) asire prezèvasyon kilti natifnatal yo
- (4) ankouraje lang Anglè kòm yon metòd asimilasyon

23 Etazini te vin patisipe dirèkteman nan Premye Gè Mondyal la paske Almay

- (1) negosye yon alyans ak Larisi
- (2) menase pou gaye lagè a nan Mwayen Oryan
- (3) rekòmanse ak gè soumaren san restriksyon
- (4) fè akizasyon nouvo koloni Afriken

24 Pwogresivis se te yon mouvman nan kòmansman 20yèm la ki te ankouraje

- (1) lagè limite pou gaye jistis sosyal nan lòt peyi
- (2) ogmantasyon imigrasyon pou divèsifye popilasyon nan nasyon an
- (3) kolonyalis pou ogmante pouvwa Etazini nan tout mond lan
- (4) aksyon gouvènman an pou korije pwoblèm politik, ekonomik, ak sosyal

25 Ki aksyon gouvènman an ki gen rapò dirèkteman ak doktrin “danje klè e prezan” ki tabli nan *Schenck* kont *Etazini* (1919)?

- (1) limite dwa premye amannman pou manifestan kont-lagè yo
- (2) rejte adezyon kòm manm nan Lig Nasyon
- (3) entèdi imigrasyon apati Ewòp delwès
- (4) adopsyon amannman Pwoyibisyon an

26 Resevwa Konferans Washington sou Dezameman Naval la (1921) ak siyati Pak Kellogg-Briand lan (1928) se te efò Etazini pou

- (1) fòme nouvo alyans militè
- (2) ogmante preparasyon militè li yo
- (3) evite lagè alavni
- (4) kolekte peman pou dèt lagè

27 Renesans Harlem nan ane 1920 yo rekoni sitou paske li

- (1) fini ak segregasyon rasyal nan etablisman piblik yo
- (2) ankouraje kreyativite kiltirèl Ameriken Nwa yo
- (3) ankouraje adopsyon nouvo lejislasyon sou dwa vòt
- (4) soutni lejislasyon pou elimine Ku Klux Klan

28 Ki faktè ki eksplike pi byen machin Ford Modèl T yo ki bon mache nan ane 1920 yo?

- (1) efikasite chèn montaj la kreye
- (2) ekspètiz nan atizana endividyèl
- (3) sipò solid nan men sendika travayè yo
- (4) taks ba ak sibvansyon gouvènman an

Sèvi ak deklarasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29 ak 30.

. . . Konpleksite lavi modèn nan ki pa sispann ogmante, ak kòtèj pwoblèm li yo ki toujou konplike ak difisil, se yon defi nan karaktè endividyèl nou yo ak devouman nou pou ideyal nou yo. Piwèt Amerik lè li jwenn defi pa te janm echwe. Ou pa jwenn siksè nan apiye sou gouvènman pou rezoud tout pwoblèm ki devan nou. Fason sa a mennen nan diminisyon [afeblisman] volonte ak destriksyon karaktè. Nou pral genyen viktwa sou depresyon sa a ak sou lòt difikilte nou yo grasa rezolisyon pèp nou an pou mennen pwòp batay li nan pwòp kominote li yo, grasa stimilasyon entèlijans li pou rezoud pwòp pwoblèm li yo, grasa nouvo kouraj li pran pou li mèt pwòp desten li nan konba pou lavi a. . . .

— President Herbert Hoover, February 12, 1931

. . . Mwen prepare, selon responsabilite konstitisyon an ban mwen, pou rekòmande yon seri mezi yon nasyon ki toumante nan mitan yon monn boulvèsè ka mande. Tout mezi sa yo, oswa lòt mezi Kongrè a adopte apati de eksperyans ak bon konprann yo, m ap chèche mete yo ann aplikasyon san pèdi tan selon otorite konstitisyon an ban mwen. . . .

— President Franklin D. Roosevelt, March 4, 1933

29 Ki lide deklarasyon Prezidan Hoover a ta kore pi byen?

- (1) endividyalis sovaj
- (2) asirans chomaj
- (3) defisi bidjè
- (4) negosyasyon kolektif

30 Deklarasyon sa yo montre yon diferans nan opinyon ant de prezidan yo osijè

- (1) akòde sibvansyon pou gwo biznis yo
- (2) ankouraje politik lib echanj nan Emisfè Lwès la
- (3) kontwole òf ak demann
- (4) ogmante wòl gouvènman federal la nan ekonomi an

31 Ki pwoblèm Franklin D. Roosevelt te abòde *anpremye* nan prezidans li?

- (1) fini ak Laperèz Wouj la
- (2) reziste kont diktatè ann Ewòp yo
- (3) pote estabilite nan sistèm bankè a
- (4) apwouve peman bonis pou veteran Premye Gè Mondyal la

32 “**Defans Nasyonal nan Nenpòt ki Pri, men Kenbe Ti Mesye Nou yo Lakay.**”

Eslogan Komite America First sa a an 1941 te ankouraje

- (1) globalis
- (2) tarif pwoteksyonis
- (3) izolasyonis
- (4) redui depans militè yo

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 ak 34.

Epi, Li Pa Vle Di Petèt!



Sous: Jim Berryman, *Washington Evening Star*, January 1943 (adapte)

33 Kisa ide prensipal desen sa a ye?

- (1) Faktori Etazini yo pa pral kapab fabrike materyèl militè nan kantite ki sifizan.
- (2) Gouvènman federal la pral gen plis chans oblije sezi izin fabrikasyon yo.
- (3) Prezidan Franklin D. Roosevelt atann pou lòt nasyon yo founi menm kantite zam ak Etazini.
- (4) Prezidan Franklin D. Roosevelt detèmine pou founi militè Etazini ak alye li yo tout sa ki nesèsè pou venk pouvwa Aks yo.

34 Yon gwo rezilta efò pwodiksyon ki dekri nan desen ki pi ba a se te

- (1) gwo chomaj nan Gran Depresyon an te diminye anpil
- (2) pifò konpayi ki pwodui materyèl militè yo te sispann aktivite yo apre gè a
- (3) kritik yo te deklare ke Prezidan Franklin D. Roosevelt te abize pouvwa li genyen pou konkli trete
- (4) lame te gen difikilte pou anwole sòlda paske gason yo t ap travay nan faktori minisyon yo

Nan Kòmansman Li nan Gwo Lig

JACKIE MAKE PWEN KI BAY VIKTWA A

Here are some of the fans who crowded Ebbets Field in Brooklyn to see Jackie Robinson as he made his debut with the Dodgers.

Amòtisman Robbie a Chanje Jwèt la Nèt

By WENDELL SMITH, Creative Sports Editor
PIES GOIN, Ebbets Field, Brooklyn, N. Y.—Play- ing his first big league game of the 1947 National League season, Jackie Robinson wore rumples from one end to the other of his uniform when he stepped onto the field to play for the Brooklyn Dodgers, winning one while 66,223 fans roared hysterically and the Boston Braves went down to defeat, 3 to 1.

Playing in perfect baseball weather and before a superb opening day crowd, Robinson made his major league debut at first base and in the seventh inning was responsible for the play that spent Pritchey Aroney here and paved the way for a hard earned and well-deserved victory.

The big play came in the seventh inning. As that point, the "Braves" were trailing the Dodgers, 3 to 1. Ed Hickey started the fireworks by making Robinson slide into the plate and the game from his lower leg later had barely died when he laid down a tantalizing lead along the first base line. Hickey was off like a flash for second as fans charged to be get the ball, Robinson was in high gear, coming down the first base line. The crowd then grabbed the ball and Hickey.

Robinson and the ball worked at first approximately the same time. First baseman Ferguson was apparently confused as Robinson came storming in his direction. In the confusion, Ferguson missed the throw and the ball rolled into foul territory along the right field line. Hickey kept right on to third and Robinson high-tailed it to second.

Third base Pete Reiser got the game on ice by stepping one of Hickey's feet back up on the right field corner, sending Hickey with the tying run and Robinson with the fourth and the winning run. Reiser eventually scored, too, but the damaging run as far as the Braves were concerned was that run started across the plate by Brooklyn's brown-colored first baseman.

Jackie was at bat officially three times. But al- though he failed to come through with a home run, he looked good at the plate. He was also "in the job" in the field, handling some chances perfectly as the "Braves" started the long grind up the present road.

Jackie Robinson ap gade lavni

Jackie genyen fasilman apati de Dezyèm Baz Anba Aplodisman 26,000 Moun

Arè Lapolis Ogmante nan Chapel Hill

Washington Edition of Pittsburgh Courier

Yon Gran Jou pou Dodgers

Kameramann ak Fanatik Anvayi Robinson Nan Ouvèti Istorik la

By WENDELL SMITH, Creative Sports Editor
BROOKLYN—History was made here Tuesday afternoon in Brooklyn's Ebbets Field when rookie JACKIE ROBINSON trotted out on the green- grass diamond with the rest of his Dodgers teammates and played his first game in the opening game of the 1947 National League season against Charles A. Bevington's Braves. He is said to have hit a home run.

Sous: Pittsburgh Courier, April 19, 1947 (adapte)

35 Ki konklizyon ou ka tire nan yon egzamen tit journal ane 1947 sa yo konsènan Jackie Robinson?

- (1) Entegrasyon Robinson nan pi gwo lig bezbòl se te yon evènman enpòtan nan istwa dwa sivil yo.
- (2) Apresa Robinson te vin òganize mouvman dwa sivil yo.
- (3) Fanatik espò yo te ankouraje nètalkole desegregasyon nan andwa piblik yo.
- (4) Kòmansman Robinson nan pi gwo lig la pa te gen okenn enpak sou relasyon ras yo Ozetazini.

36 “. . . Soti nan Stettin nan Baltik pou rive nan Trieste nan Adriyatik la, yon rido an fè te desann atravè Kontinan an. . . .”

— Winston Churchill, March 5, 1946

Avèk obsèvasyon sa a, Winston Churchill te avèti Etazini ke Ewòp te menase ak

- (1) yon ambago sou pwovizyon petwòl li nan Mwayen Oryan
- (2) kwasans fachis nan Grann Bretay
- (3) ekspansyon kominis la nan Ewòp delès
- (4) yon atak nikleyè Inyon Sovyetik

37 Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN) ak Pak Vasovi a se egzanp

- | | |
|--------------------|---------------------|
| (1) diplomasi dola | (3) defans mityèl |
| (2) Lend-Lease | (4) Destine Manifès |
- (Prè-Afèmaj)

38 Kwayans prezidan Dwight D. Eisenhower, John F. Kennedy, ak Lyndon B. Johnson nan teyori domino a te enfliyans desizyon yo dirèkteman pou

- (1) rejte politik sekirite kolektif la
- (2) soutni yon retou nan netralite
- (3) fini ak pon ayeryen Bèlen an
- (4) ogmante patisipasyon militè Etazini nan Vyetnam

39 Lagè sou Povrete se te yon tantativ Prezidan Lyndon B. Johnson pou

- (1) voye èd medikal nan nasyon Afriken yo
- (2) ranfòse Kò Lapè
- (3) diminye kantite imigran ki soti nan Amerik Latin
- (4) ogmante nivo lavi pou anpil Ameriken

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 40.

. . . Ou eksprime anpil enkyetid sou volonte nou pou vyole lwa yo. Sa se yon enkyetid ki lejitim sètènman. Piske nou sitèlman fè dilijans pou tout moun obeyi desizyon Lakou Siprèm an 1954 la ki entèdi segregasyon nan lekòl piblik yo, li yon jan etranj ak paradoks pou nou jwenn tèt nou k ap vyole lwa yo ak tout konsyans nou. Yon moun ka mande tèt li, “kijan ou ka fè ankouraje vyole kèk lwa ak obeyi lòt yo?” Ou jwenn repons lan nan lefèt ke gen de (2) kalite lwa: Gen lwa ki *jis* epi gen lwa ki *enjis*. Mwen ta dakò ak Saint Augustine ke “Yon lwa ki enjis se pa yon lwa ditou.” . . .

— Martin Luther King Jr., “Letter from Birmingham Jail,”
April 16, 1963

40 Ki apwòch ki reprezante pi byen rezon yo bay nan pasaj la?

- | | |
|------------------------|---------------------|
| (1) dezobeyisans sivil | (3) Pouvwa Nwa |
| (2) rezistans ak zam | (4) kont ekspansyon |

41 Yon objektif prensipal politik detant Richard Nixon nan se te pou

- (1) patwone eleksyon lib nan Kore Dinò
- (2) negosye yon fen nan konfli Arab-Izraelyen an
- (3) fini ak relasyon diplomatik avèk Lachin
- (4) diminye tansyon ant Etazini ak Inyon Sovyetik


42 Ki akizasyon ki te mennen nan pwosis pou revokasyon Prezidan Bill Clinton?

- (1) twòp itilizasyon pouvwa pou padonnen
- (2) fo sèman ak blokaj lajistis
- (3) itilizasyon ilegal lajan kanpay
- (4) move itilizasyon pouvwa lagè ak depans defisitè

43 Yon fason Sekirite Sosyal, Medicare, ak Medicaid sanble sèke yo tout se

- (1) pwogram ki bay èd pou edikasyon
- (2) egzanp pwogram byennèt sosyal
- (3) tantativ pou balanse bidjè federal la
- (4) aspè nan pwojè travay piblik

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 44.



Sous: Jim Morin, *Miami Herald*, July 21, 2006

44 Desinatè sa a kritike lidèchip Prezidan George W. Bush ak Vis Prezidan Richard B. Cheney poutèt yo

- (1) sipòte sistèm debwaze forè yo
- (2) abize pouvwa veto prezidan an genyen
- (3) febli sistèm pouvwa ekilibre a
- (4) fè lagè ann Irak

45 Ki aksyon pwezidansyèl ki te koresponn pi byen ak ide yo Prezidan George Washington te prezante nan Diskou Adye li a?

- (1) Pwoklamasyon Doktrin Monroe Prezidan James Monroe a an 1823
- (2) Politik Prezidan James Polk anvè Meksik an 1846
- (3) Prezidan William McKinley ki mande yon deklarasyon lagè kont Espay an 1898
- (4) Desizyon Prezidan George H.W. Bush pou angaje nan Lagè Gòlf Pèsik la an 1990

46 Mouvmman popilis nan ane 1890 yo ak mouvmman dwa sivil yo nan ane 1950 yo ak ane 1960 yo sanble nan sans ke toude mouvmman yo te eseye

- (1) mete limit nan pouvwa branch egzekitif la
- (2) rezoud pwoblèm endistriyalizasyon te lakòz
- (3) amelyore lavi gwoup ki t ap sibi opresyon
- (4) mande pou gouvènman eta yo ankouraje egalite rasyal

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 47.

“Ou Li Liv, hen?”



Sous: Herblock, *Washington Post* (adapte)

47 Taktik yo ilistre nan desen an te asosye pi pre avèk

- (1) izolasyonis yo k ap soutni politik netralite pandan ane 1930 yo
- (2) lidè gouvènman yo k ap mennen ankèt sou aktivite komini apre Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) ogmantasyon depans federal pou edikasyon pandan ane 1960 yo
- (4) Kongrè a k ap fè pwomosyon ogmantasyon sekirite apre atak 11 septanm 2001 yo

48 “Flappers” nan ane 1920 yo, “beatniks” nan ane 1950 yo, ak “ipi yo” nan ane 1960 yo, tout se egzanp sou


- (1) gwoup politik yo ki te vle limite dwa sivil endividyèl yo
- (2) sitwayen yo ki te vle retounen nan mòdvi ki pi senp
- (3) ekriven yo ki te sipòte objektif politik etranje Etazini an
- (4) moun ki pa dakò ak valè tradisyonèl sosyal yo

49 Gwo Depresyon ak kriz ekonomik ke yo rele Gran Resesyon an (desanm 2007–jen 2009) te sanble, nan sans ke toude te mennen nan

- (1) yon sipli nan bidjè federal la
- (2) yon diminyon nan sipò federal pou asirans chomaj
- (3) yon limit sou pouvwa Sistèm Rezèv Federal la
- (4) yon ekspansyon wòl gouvènman federal la nan estabilizasyon ekonomi an

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50.

Sant Mwayen Popilasyon pou Etazini: 1790–2010



Sous: U.S. Department of Commerce, Economics and Statistics Administration, U.S. Census Bureau (adapte)

50 Kisa ki te kòz prensipal chanjman popilasyon yo montre nan kat la?

- (1) opòtinite travay nan eta nòdès yo
- (2) migrasyon k ap kontinye nan direksyon lwès
- (3) adopsyon limit maksimòm pou imigrasyon
- (4) mouvman soti nan jaden vin nan vil yo

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

PATI II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Jewografi—Acha Teritwa

Pandan tout istwa nasyon an, Etazini te agrandi avèk acha kèk nouvo teritwa. Acha sa yo te gen efè pozitif ak efè negatif sou Etazini.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** teritwa Etazini te achte epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz Etazini te achte teritwa a
- Diskite sou efè *pozitif ak/oswa* efè *negatif* akizisyon teritwa sa a sou Etazini

Ou ka itilize nenpòt teritwa Etazini te akeri depi 1776 nan etid istwa Etazini. Kèk sijesyon ou ta dwe anvizaje gen ladan vale Rivyè Ohio a (1783), Teritwa Louisiana a (1803), Florida (1819), Texas (1845), Teritwa Oregon an (1846), California (1848), Alaska (1867), Hawaii (1898), Pòtoriko (1899), ak Filipin (1899).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, moun yo te itilize zèv ekri kòm yon fason pou konsantre atansyon sou pwoblèm ki gen rapò ak sosyete Ameriken an. Zèv ekri sa yo te gen yon gwo enfluyans sou Etazini ak sou sosyete Ameriken an. Zèv ekri sa yo gen ladan ***Common Sense (Bon Sans)*** pa **Thomas Paine**, ***Uncle Tom's Cabin (Kabin Tonton Tom)*** pa **Harriet Beecher Stowe**, ak ***The Jungle (Jeng lan)*** pa **Upton Sinclair**.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi ***de (2)*** tèks ekri ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo ***chak***

- Dekri sikonstans istorik ki asosye ak pwoblèm otè a te abòde a
- Diskite kijan zèv ekri a te enfluyanse Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

An 1768 John Dickinson nan Pennsylvania te diskite pou yon nouvo teyori kolonyal ki limite pouvwa Palman an sou koloni yo.

. . . Lè sa, evènman yo te finalman pouse teyori kolonyal la [pouvwa palmantè limite] nan yon etap final la. *Bon Sans* Thomas Paine, ki parèt nan mwa janvyè 1776, rache tout otorite nan men ni Wa a ni Palman an. De (2) ane apeprè anvan yo te anpile kriz sou kriz. Bostonyen yo te koule te a; Palman an te replike ak Lwa Entolerab yo; Premye Kongrè a te tabli yon pwogram rezistans ekonomik entèkolonyal; lagè te pete sou Lexington Green; epi yon lame Ameriken sou Dezyèm Kongrè a te fèmen [antoure] Jeneral Gage ak sòlda pwofesyonèl li yo nan Boston. Nan mitan ajitasyon ak nan yon vyolans retorik, Paine ki fèt ann Angletè, ki te fèk enstale li nan Philadelphia ak yon kè ki plen rankè pou peyi natifnatal li, t ap pale avèk emosyon ansanm ak lespri lektè li yo. Li te konkli “periyòd deba a fèmen,” “MOMAN RIVE POU PATI.” Malgre yon mwatye ane te pase anvan Kongrè a te konfòme li, apèl twonpèt Paine nan te yon faktè pisan nan enfliyanse piblik la ansanm ak delege yo yomenm pou adopte etap ki gen anpil gwo konsekans lan. Okenn lòt zèv ekri ann Amerik, aleksepsyon *Kabin Tonton Tom* petèt, pa te janm gen enpak enpòtan sa yo. . . .

Sous: Arthur M. Schlesinger, *The Birth of the Nation*, Houghton Mifflin, 1968

1 Dapre Arthur M. Schlesinger, kisa ki te **de (2)** evènman ki te motive Thomas Paine pou li ekri *Bon Sans*? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 2

. . . Paine te pibliye *Bon Sans* nan Philadelphia, epi esè Forester li yo* te premye parèt nan journal vil sa a. Zanim li yo tou te chwazi journal Philadelphia, epi lènmi politik li yo te fè l tou. Men, piske kontwovès a enplike “kontinan an,” yo te reenprime *Bon Sans* nan tout gwo vil Ameriken yo ak nan pi piti yo tou. Byennantandi deba a gaye, li atire gwo gason, John Adams, paregzanp, ak ti piti yo tou. Nan lespas kèk mwa plis pase 100,000 kopi *Bon Sans* te parèt, epi deba ant endepandans ak rekonsilyasyon te domine nan journal yo.

Yon pati nan bon sans Thomas Paine ofri se te obsèvasyon ke ansyen lènmi Grann Bretay ann Ewòp ta gen plis chans bay sipò pou koloni yo si yo ta deklare endepandans yo. Pa gen pouvwa Ewopeyen ki te vle mele nan yon dispit entèn kote Grann Bretay ak koloni li yo ta mete fòs yo ansanm pou regle, menm jan yo te fè lontan, kont yon lènmi ekstèn. Deklarasyon endepandans lan ta rasire Ewòp, rasire an patikilye Lafrans, nasyon kèk nan Kongrè a ap chache pou lajan ak zam. . . .

Sous: Robert Middlekauff, *The Glorious Cause: The American Revolution, 1763–1789*, Oxford University Press, 2005 (adapte)

* Lèt Paine yo ki te laji agiman li te fè nan *Bon Sans*

2 Dapre Robert Middlekauff, kisa ki **yon** fason *Bon Sans* Thomas Paine nan te ankouraje sipò pou endepandans? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Gen yon egzaltasyon, yon eksitasyon, apwopo *Bon Sans* ki tradui sans trè ra avanti Ameriken yo te santi pandan y ap mache nan direksyon endepandans yo. Avèk li gen nouvo danje ki t ap vini, men tou, nouvo opòtinite, nouvo libète. Yo konnen yo te sou papòt yon gwo eksperyans non sèlman pou tèt pa yo, men petèt pou lemond antye. Paine te di yo “Kòz Amerik la, se an gran pati kòz tout limanite.” Epi yo te kwè li.

Nan dat 15 me 1776, Chanm Reprezantan Bègès Virginia te vote pou mande delege li yo nan Kongrè a pou pwopoze endepandans, epi nan menm jou a Kongrè a te adopte yon rezolisyon John Adams patwone, ki konseye divès koloni yo pou pran mayèt tout pouvwa gouvènman nan mitan yo. Le 7 jen Richard Henry Lee, dapre enstriksyon elektè Virginia li yo, te pwopoze yon rezolisyon ki deklare fòmèlman koloni yo endepandan. Le 2 jiyè yo te adopte rezolisyon sa a epi de (2) jou apre deklarasyon selèb pou mond lan, ke Thomas Jefferson te redije a. . . .

Sous: Edmund S. Morgan, *The Birth of the Republic, 1763–89*, Fourth Edition, The University of Chicago Press, 2013

3 Dapre Edmund S. Morgan, kisa ki te **yon** efè *Bon Sans* Thomas Paine nan? [1]

Score

Dokiman 4

. . . Pami dispozisyon ki nan Konpwomi 1850 la te gen fen komès esklav la, men se pa esklavaj, nan Washington D.C., ak kreyasyon yon nouvo Lwa sou Esklav Mawon ki pi estrik. Li te ilegal pou ede mawon yo depi 1793, men lwa 1850 la mande pou tout moun, otorite respè lalwa yo ak sitwayen òdinè yo, ede poze lapat sou mawon yo. Moun ki te refize ede chasè esklav yo, oswa ki te ede mawon yo, yo te kapab kondane pou amann jiska \$1,000 ak prizon pandan sis (6) mwa.

Li te elimine tou tikras pwoteksyon legal mawon yo te gen otrefwa. Anvan 1850, kèk eta nan Nò yo te egzije pou chasè esklav yo parèt devan yon jij eli epi pou yo te jije devan jiri ki ta detèmine validite yon reklamasyon. Apre Lwa sou Esklav Mawon 1850 lan, yo te ka pran nenpòt moun nan lari, akize l se yon moun ki sove nan esklavaj, epi mennen li devan yon komisè gouvènman federal la nonmen ki te resevwa \$5 pou chak fijitif li lage ak \$10 pou chak sa yo voye nan sid. Nwa lib yo ak gwoup kont-esklavaj yo te diskite sistèm lan te grese lapat komisè yo pou voye nan esklavaj moun yo kidnape, epi li te oblije sitwayen yo patisipe nan sistèm esklavaj la.

[Harriet Beecher] Stowe te ankòlè. Li te kwè peyi a te egzije konplisite li nan yon sistèm li panse ki te enjis ak imoral. Pandan l ap viv nan Brunswick, ME [Maine] epi Calvin Stowe t ap anseye nan Bowdoin College, Stowe te dezobeyi lalwa paske li te kache fijitif. Lè li te pataje fristrasyon li ak santiman enpuisans ak fanmi li, bèlsè li Isabella Porter Beecher te sijere pou li fè plis: “. . . si mwen te kapab sèvi ak yon plim nan fason ou kapab la, Hatty, mwen t ap ekri yon bagay ki ta fè tout nasyon sa a santi kijan esklavaj se yon bagay ki modi.” . . .

Lèt la te fè reyaksyon sou li, epi Stowe te fè sèman li t ap fè sa “si [li] rete vivan.” . . .

Sous: Harriet Beecher Stowe Center, 2011

4 Selon dokiman sa a, poukisa Harriet Beecher Stowe te gen enkyetid ak nouvo Lwa sou Esklav Mawon an? [1]

Score

Dokiman 5a

Afich sa a se te yon reklam pou zèv ekri Harriet Beecher Stowe, *Kabin Tonton Tom*.

135,000 JE, 270,000 VOLIM VANN.

KABIN TONTON TOM



POU VANN ISIT LA.

YON EDISYON POU MILYON, KONPLÈ AN 1 Vol., PRI 37 1-2 SANTIM.
YON EDISYON ANN ALMAN, AN 1 Vol., PRI 50 SANTIM.
YON EDISYON AN 2 Vol., AN TWAL, 6 PLAK, PRI \$1.50.
BÈL EDISYON ILISTRE, AN 1 Vol., AVÈK 153 IMAJ,
PRI SOTI \$2.50 RIVE \$5.00.

Pi Gwo Liv Laj la.

Sous: The Authentic History Center

Dokiman 5b

... Souvan yo bay Stowe kredi pou enfliyans sou jan peyi a panse yon fason diferan sou esklavaj. Men, kisa nou konnen sou fason Stowe te enfliyanse Lincoln?

Yon deseni avan sa, *Kabin Tonton Tom* (1852) se te yon fenomèn piblikasyon ak pwopagann. Avèk itilizasyon istwa pou montre enpak imen esklavaj genyen, plim sivokan Stowe te limen dife nan monn lan. Estatistik yo rete yon rekò: 10,000 kopi vann nan premye semèn; yon milyon edmi kopi Britanik nan yon ane. Liv la te sitèlman gen siksès yo te dramatize li touswit pou teyat, kote li te vin selèb nan teyat. Senatè Massachusetts Charles Sumner, ki se lidè Repibliken radikal yo, te di, “Si pa t gen *Kabin Tonton Tom*, pa t ap gen okenn Lincoln nan Mezon Blanch lan.” ...

Men, kritik ki anfavè esklavaj yo te akize Stowe te envante tout bagay e ke esklavaj se te yon sistèm imen. Kidonk, Stowe te ekri yon repons nonfiksyon, *Kle Kabin Tonton Tom* nan (1853), ki konpile prèv lavi reyèl ki te gide istwa fiksyon li yo. ...

Sous: Katherine Kane, “Lincoln and *The Key to Uncle Tom’s Cabin*,” *Connecticut Explored*, Winter 2012/2013

5 Selon dokiman sa yo, kisa ki **yon** rezon ki fè pwopriyete esklav nan Sid yo te enkyete akòz piblikasyon *Kabin Tonton Tom* nan? [1]

Score

Dokiman 6

. . . Li pa posib pou mezire avèk presizyon enfliyans politik *Kabin Tonton Tom* lan. Yon moun ka kalkile kantite lavant li, men li pa ka lonje dwèt sou vòt li te chanje oswa lwa li te enspire. Men, kèk kontanporen te doute pouvwa li. Henry Wadsworth Longfellow di “Pa te janm gen yon *coup-de-main* literè [atak toudenkou] tankou sa a”. Ann Angletè, Lord Palmerston, ki kòm premye minis dizan pita te dwe deside si yo ta dwe entèvni onon Sid la nan Gè Sivil la, te li *Kabin Tonton Tom* lan twa fwa li te admire li pa sitèlman pou istwa a tankou “pou espri politik ki ladan.” Pandan Abraham Lincoln t ap goumen ak pwoblèm esklavaj la nan sezon lete 1862, li te prete nan Bibliyotèk Kongrè a *Yon Kle pou Kabin Tonton Tom nan*, yon volim Stowe ki vin annapre ki gen ladan dokiman li te baze sou yo pou woman an. Lè Lincoln te rankontre otè a pita nan ane a, yo rapòte li te salye li ak mo sa yo: “Kidonk, ou se ti fanm ki te ekri liv ki te fè gwo lagè sa a.”

Kabin Tonton Tom te frape yon nè tou vif nan Sid la. Malgre efò pou entèdi li, kopi yo te vann sitèlman vit nan Charleston ak lòt kote ke libreri yo pa te kapab kenbe ak demann lan. Entansite denonsyasyon Sid la pou “mansanj” ak “defòmasyon” Madam Stowe yo te petèt pi bon endikatè jan yo te frape toupri. *New Orleans Crescent* te deklare “pa te janm gen anvan sa anyen ki detestab konsa oswa ki orib konsa nan pami fanm. Editè *Southern Literary Messenger* te bay kritik liv li enstriksyon: “Mwen ta fè revizyon an cho tankou dife lanfè, dinamite ak boule repitasyon mizerab ak jipon ki ta ka ekri yon liv tankou sa.” Nan lespas de ane ekri nan anfavè esklavaj yo te reponn *Kabin Tonton Tom* ak kenz woman omwen epi tèt woman yo ke esklav yo ki te pi byen pase travayè lib ki nan Nò a te rezime ak tit youn nan yo: *Tonton Robin nan Kabin li nan Virginia ak Tom Ki Pa gen youn nan Boston*. Dizan pita pandan Gè Sivil la yon kwonikè nan South Carolina ki te gen pwòp dout pa li sou esklavaj te reflekte obsesyon moun sid yo te gen ak *Kabin Tonton Tom* avèk itilizasyon li kòm yon referans konstan ki mezire reyalyte yo nan lavi nan Sid la. . . .

Sous: James M. McPherson, *Battle Cry of Freedom: The Civil War Era*, Oxford University Press, 1988 (adapte)

6 Dapre James M. McPherson, kisa ki te **de (2)** efè piblikasyon *Kabin Tonton Tom*? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

. . . Libète gwo biznis yo te sanble san limit. Konpayi medikaman yo te vann patant medikaman ki gen ewoyin, mòfin, ak kokayin ki te pwomèt pou geri tout kalite maladi, men an reyalite yo pa te geri okenn nan yo. Konpayi manje yo te vann sirèt timoun yo bay koulè ak metal toksik lou. Yo te komèsyalize regilyèman magarin bon mache kòm bè. Yo te vann kòm konfiti frèz melanj kri rès pòm detè, glikoz, grenn timothy (zèb), ak koloran manje abaz goudwon. Nan epòk gwo fidisi yo, te vin gen kokenchenn abim ant rich ak pòv. Bawon vòlè yo te imite palè Ewopeyen yo pou bati kay yo, pandan plizyè milyon travayè Ameriken t ap viv nan bidonvil lavil yo.

Enjistis sa yo te frape Upton Sinclair. Pandan otòn 1904 li te kite lakay li nan New Jersey epi vwayaje nan Chicago, ak lide pou ekri yon woman sou konba travayè vyann yo nan vil la. Fidisi vyann bèf te kontwòle endistri a ak yon ponyèt an fè. Li te fèk kraze yon grèv manm sendika ki t ap chache yon ogmantasyon salè ki mwens pase twa (3) santim pa èdtan. Endistri vyann lan te sanble enkane tout bagay ki te mal nan sosyete Ameriken an, pandan l ap opere an gran ati an sekrè, avèk yon pouvwa san kontwòl, epi menase sante travayè yo ak konsomatè yo. Jan Sinclair pita te diskite nan *Jeng lan*, fidisi vyann bèf la se te “enkanasyon [reprèzantasyon] vorasite avèg epi ki pa gen sansiblite [ensansib]. . . gran Bouche a. . . . espri kapitalis la te parèt aklè nan vyann.” . . .

Sous: Eric Schlosser, Foreword to Upton Sinclair's *The Jungle*, Penguin Books, 2006

7 Dapre Eric Schlosser, kisa ki te **de** (2) pwoblèm ki te enkyete Upton Sinclair? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8a

. . . Upton Sinclair te ekri “Jeng lan” kòm yon ekspoze travay. Li te espere liv la, ki te prezante tankou “esklavaj salè ‘Kabin Tonton Tom’ nan,” ta mennen nan amelyorasyon pou moun li dedye li pou yo a, “ouvriye Amerik yo.” Men, lektè nan “Jeng lan” te mwens konstène ak istwa Sinclair sou kondisyon terib travay yo pase pa sa yo te aprann sou manje yo. Li te deklare nan fason selèb “Mwen te vize kè piblik la, epi pa aksidan mwen frape l nan vant.”. . .

Lè yo te pibliye “Jeng lan”, reyaksyon piblik la te enstantane. Lektè endiye yo te anvayi Prezidan Theodore Roosevelt ak lèt. Roosevelt te anbivalan, men li te envite Sinclair nan Mezon Blanch pou manje midi, e li te pwomèt pou voye komisyonè travay li ak asistan Sekretè Trezò a Chicago pou envestige. . . .

Sous: Adam Cohen, “100 Years Later, the Food Industry Is Still ‘The Jungle,’” *New York Times*, January 2, 2007

Dokiman 8b

. . . Nan sezon prentan 1906, ni enspeksyon vyann ni lejislasyon manje ak medikaman pi te gen anpil sipòtè. Se pa te yon batay senp, nwa-e-blan ant piblik la sou yon bò ak gwo biznis sou lòt bò a. Men, pwoblèm manje ak medikaman pi yo te ankouraje divès kalite Ameriken reflechi sou idantite yo kòm konsomatè, kòm moun ki te nan danje ak vyann pouri oswa medikaman enpi. Doktè, ekspè federal, ak gwoup fanm yo te sipòtè lejislasyon. Fonksyonè Leta yo, nan fason veyatif [ak pèsistans] koutize pa Harvey Wiley [yon pyonyè aktivis konsomatè], te dakò sipèvizyon federal te nesèsè. Menm jan ak moun nan Lwès yo, ki te fache ak sosyete “etranje” nan Lès ak Midwès yo. Konsa tou, plis pase kèk nan sosyete sa yo te fè sa. Pabst, H. J. Heinz, ak lòt pwodiktè, te mete endividyalis sou kote, epi yo te rekonèt benefis ki genyen nan règleman federal: Sipèvizyon Washington ta kapab pote lòd ak establi nan biznis la; li ta kapab pwoteje gwo konpayi yo kont sipèvizyon leta; li ta kapab fè biznis la twò chè pou konpetitè potansyèl yo. Omwen, règleman ta kapab sove sosyete yo nan sitiyaasyon piblik yo ye an 1906. Envestigatè Roosevelt yo te konfime lajman esansyèl ki nan *Jeng lan*; anplwaye abatwa yo pa te kapab diskredite resi Sinclair a. Nan sikonstans sa yo, yon gwoup enpòtan nan pwodiktè manje ak medikaman yo te aksepte règleman inevitab yo epi yo te eseye fasone lejislasyon an pou pwoteje enterè yo otank posib. . . .

Sous: Michael McGerr, *A Fierce Discontent: The Rise and Fall of the Progressive Movement in America, 1870–1920*, Oxford University Press, 2005

8 Selon dokiman sa yo, kisa ki te **de (2)** efè piblikasyon *Jeng lan*? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 9

Upton Sinclair te prezan lè Prezidan Lyndon B. Johnson te siyen lejislasyon ki amande Lwa Enspeksyon Vyann lan.

. . . “Yon nonm t ap anbale zepòl kochon. Li kite youn tonbe nan pousyè bwa, li ranmase l epi li siye li ak yon ranyon sal anmè. . . Yo t ap koupe vyann bèf sou yon waf louvri, bòkote wout pousyè, nan chalè 95 degre. Te gen mouch nan vyann lan. Doum zo yo ak rès vyann yo te kouvri ak vè.”

Sa mwen fenk li pou ou a pa te soti nan “Jeng lan.” Li pa te rive sa gen 60 ane de sa lè Upton Sinclair te ekri liv li a. Li te rive nan mwa jiyè 1967. Yon enspektè gouvènman federal Etazini te ekri li apre yon vizit nan youn nan gwo izin anbalaj, modèn nou yo. . . .

Sa se yon kondisyon ki entolerab nan 20yèm syèk la nan yon nasyon modèn ki fyè de tèt li pou repitasyon lidèchip li nan mond lan. Mwen te ankouraje e mwen te mande yon pwojè-lwa solid sou enspeksyon vyann depi 1964.

Lwa 1967 sou Vyann Sen an (Wholesome Meat Act)—ke bon travay Kongrè te pote pou mwen—ap bay yon bagay presye, mwen panse, pou menajè Ameriken yo. Li pral ba yo asirans ke vyann yo mete sou tab dine pou mari yo ak pitit yo pi; li te anbale ak trete nan yon izin sanitè. . . .

Lwa sou Vyann Sen sa a se yon pwent repè, nou panse, nan pwoteksyon konsomatè. Li ede chak Ameriken—lè li asire li ke vyann fanmi li konsome te enspekte avèk konsiderasyon pou sante yo ak sekirite yo. . . .

Mesye Sinclair, nou sitèlman kontan genyen ou isit la nan Chanm Lès la ak anpil nan distenge manm nan Kongrè a ak moun ki enterese nan lejislasyon vyann sen sa a.

Reyèlman pwojè-lwa sa a kouwone kwazad ke oumenm, pou tèt pa ou, te kòmanse sa gen prèske 60 ane de sa.

Nou salye w, mesye, e nou remèsye w. . . .

Sous: President Lyndon B. Johnson, Remarks Upon Signing Bill Amending the Meat Inspection Act, December 15, 1967

9 Dapre Prezidan Lyndon B. Johnson, ki enfluyans kontini zèv ekri Upton Sinclair *Jeng lan*? [1]

Score

Pati B Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, moun yo te itilize zèv ekri kòm yon fason pou konsantre atansyon sou pwoblèm ki gen rapò ak sosyete Ameriken an. Zèv ekri sa yo te gen yon gwo enfliyans sou Etazini ak sou sosyete Ameriken an. Zèv ekri sa yo gen ladan ***Common Sense (Bon Sans)*** pa **Thomas Paine**, ***Uncle Tom's Cabin (Kabin Tonton Tom)*** pa **Harriet Beecher Stowe**, ak ***The Jungle (Jeng lan)*** pa **Upton Sinclair**.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi ***de (2)*** tèks ekri ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo ***chak***

- Dekri sikonstans istorik ki asosye ak pwoblèm otè a te abòde a
- Diskite kijan zèv ekri a te enfliyanse Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

